




Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics, Book 1
May 7 and 8, 2002

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk

Matematik

Liv 1



7 me ak 8 me 2002



Developed and published under contract with New York State Education Department by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2002 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

Pati 1

Egzanp A

Gen $\frac{7}{8}$ nan oditoryòm lekòl la ki plen. Ki pousantaj nan oditoryòm nan ki plen?


- A 7,8%
- B 37,5%
- C 62,5%
- D 87,5%

Egzanp B



Sèvi ak règ ou kòm èd pou rezoud pwoblèm sa a.

Yon jaden gen fòm yon triyang jan yo montre li nan desen an apre a. Yo pral fèmen jaden an ak yon kloti.



Si ou pran echèl la kòm baz, ki kantite kloti yo pral bezwen pou fèmen jaden an?

- F 19,1 mètr
- G 20,7 mètr
- H 23,5 mètr
- J 26,6 mètr

RETE LA

1

Distans ant Latè ak Mas se apeprè $4,8732 \times 10^7$ mil. Kijan yo ekri distans sa a nan fòm estanda?

- A** 4.873.200 mil
- B** 48.732.000 mil
- C** 487.320.000 mil
- D** 4.873.200.000 mil

2

Ki pwopriyete ekwasyon ki anba a demontre?

$$7(6 + 4) = 42 + 28$$

- F** asosyatif
- G** komitatif
- H** distribitif
- J** idantite

3

Ki valè x dwe genyen pou ekwasyon ki anba a kapab korèk?

$$3^x = 243$$

- A** 3
- B** 5
- C** 8
- D** 9

4

Kilès nan nonm rasyonèl sa yo ki se resipwòk $3\frac{1}{2}$?

- F** $\frac{2}{7}$
- G** $-\frac{2}{7}$
- H** $\frac{7}{2}$
- J** $-\frac{7}{2}$

5

Kilès nan nonm ki anba yo ki se ekivalan espresyon sa a?

$$|-15 + 4|$$

- A** -19
- B** -11
- C** 11
- D** 19

6

Yon pwason ponn pou piti trant milyon ze yon grenn kou. Si 1% nan ze yo ladan yo kale, apeprè konbyen ze ki kale?

- F** 30.000
- G** 300.000
- H** 3.000.000
- J** 30.000.000

7 Apre kè mès yo fè chak lane pou yo vann liv la fini, elèv nan Water Middle School yo te jwenn yo te genyen \$1,488.80 nan kès la. Pwofesè yo te prete yo \$92.89 pou yo achte bagay pou kè mès la. Ki pi bon estimasyon kantite lajan yo te genyen lè yo fin peye pwofesè a lajan li?

- A \$1,300.00
- B \$1,400.00
- C \$1,500.00
- D \$1,600.00

8 Maria ak Toni se sè, epi Jacob ak Marcel se frè. Laj Maria plis laj Toni egal 36. Laj Jacob plis laj Marcel egal 33. Laj Maria plis laj Jacob egal 29. Toni genyen 21 lane. Ki laj Marcel?

- F 14
- G 15
- H 19
- J 21

9 Pou yo fè 3 douzèn ti bonbon, yo bezwen 4 ze ak $\frac{1}{2}$ vè ti moso chokola. Ben vle fè 12 douzèn ti bonbon pou klas li ki prale nan yon jounen. Konbyen ze ak konbyen vè ti moso chokola li bezwen?

- A 4 ze, 1 vè ti moso chokola
- B 4 ze, 2 vè ti moso chokola
- C 16 ze, 1 vè ti moso chokola
- D 16 ze, 2 vè ti moso chokola

10 Elèv ki nan yon kou matematik mezire wotè yo epi yo make wotè sa yo sou yon tablo ki nan klas la. Keith te mezire 1,62 mè nan wotè. Ki lòt jan yo kapab montre wotè Keith?

- F 0,162 cm
- G 16,20 cm
- H 162 cm
- J 1.620 cm

11 Mesye Frank vle melanje penti jòn ak penti ble pou li jwenn 15 ons penti vèt. Pou koulè vèt li vle a, li bezwen 2 mezi penti jòn epi 3 mezi penti ble. Konbyen ons penti jòn li bezwen pou melanj li a?

- A 2
- B 6
- C 9
- D 10

12 Julie genyen yon ti djòb li fè nan yon magazen kenkay nan zòn lakay li lè li soti lekòl. Jodi a l ap refè estok boulon pou aparèy ki sèvi pou devise boulon yo. Si boulon yo dwe ranje selon gwosè yo soti nan pi piti pou rive nan pi gwo, kelès nan lis ki anba a ki montre boulon yo nan bon lòd la?

- F $\frac{1}{2}, \frac{3}{4}, \frac{5}{8}, \frac{9}{16}$
- G $\frac{1}{2}, \frac{9}{16}, \frac{5}{8}, \frac{3}{4}$
- H $\frac{3}{4}, \frac{5}{8}, \frac{9}{16}, \frac{1}{2}$
- J $\frac{9}{16}, \frac{5}{8}, \frac{3}{4}, \frac{1}{2}$

Kontinye


13 Bill ranmase $\frac{1}{2}$ nan pòm ki nan pye pòm grann li a. Lè Bill fini, Sally ranmase $\frac{1}{3}$ nan pòm ki te rete sou pye bwa a. Lè Sally fini, te genyen 40 pòm ki rete sou pye bwa a. Konbyen pòm te genyen sou pye bwa a anvan yo ranmase pòm yo?

- A 40
- B 60
- C 80
- D 120

14 Direktè koral Elm Middle School la vle ranje koral la pa gwoup ki genyen 3 moun, oswa 5 moun oswa 9 moun. Chak fwa li ranje koral la pa gwoup 3 moun oswa 5 moun oswa 9 moun, genyen 2 moun ki pa nan okenn gwoup. Ki kantite elèv koral la genyen antou?

- F 17
- G 19
- H 47
- J 135

15 Lajè rektang anba a egal yon nonm pozitif ki se y . Longè li egal $y + 3$.



Kilès nan espresyon ki nan lis ki anba a ki egal sifas rektang la?

- A $y + (y + 3)$
- B $y(y + 3)$
- C $2y + 2(y + 3)$
- D $2y + (y + 3)$

16 Yon odomèt, ki se yon aparèy ki sèvi pou mezire distans ki fèt soti nan yon pwen pou rive nan yon lòt, montre ki distans yon machin woule. Odomèt la pa mache byen sou machin Pete la, e li make sèlman 2 mil pou chak 3 mil machin nan woule. Si odomèt la make 48 mil, konbyen mil machin nan woule *tout bon*?

- F 16
- G 24
- H 32
- J 72

17 Kanal Suèz relye lanmè Mediterane ak lanmè Wouj e li mezire 108 mil nan longè. Si yon bato ap travèse kanal la a yon vitès 1,5 mil chak èdtan, konbyen èdtan l ap pran li pou li travèse longè kanal la?

- A 72
- B 90
- C 110
- D 162

18 Yo sèvi ak yon echèl 1 santimèt = 300 mètr nan desen ayewopò Grennsburg. Teren A genyen 12 santimèt nan longè nan desen an. Konbyen mètr teren an genyen tout bon kòm longè?

- F 300
- G 360
- H 3.000
- J 3.600


19 Kijan perimèt yon rektang chanje si yo mete 2 inite an plis nan chak bò li?

- A Perimèt la double.
- B Perimèt la vin kat fwa plis.
- C Perimèt la vin genyen 4 inite an plis.
- D Perimèt la vin genyen 8 inite an plis.

20 Roger nan yon ekip baskètbòl nan Ocean View Middle School. Nan onz match li fè kantite pwen sa yo: 8, 10, 16, 7, 13, 8, 5, 6, 7, 10 ak 8. Kilès nan deklarasyon sa yo ki korèk parapò ak kantite pwen Roger fè a?

- F mwayèn = mod
- G mwayèn < mod
- H medyan = mod
- J medyan < mod

21 Rektang ki anba a genyen 1.440 pous kib kòm volim.



Ki longè ak lajè rektang sa a?

- A 4 pous pa 10 pous
- B 8 pous pa 20 pous
- C 10 pous pa 48 pous
- D 30 pous pa 40 pous

Kontinye


22

Marilyn genyen yon sache monnen. Sache a genyen 25 peni ble, 15 peni kanadyen, 5 peni asye ak 5 peni Lincoln. Li pran yon pyès san gade nan sache a. Ki chans li genyen pou li pran yon peni ble?

- F** 10%
- G** 25%
- H** 30%
- J** 50%

23

Rachel ap fòme kare ak kidan. Li bezwen kat kidan pou li fè yon kare, sèt kidan pou li fè yon ranje de kare, epi dis kidan pou li fè yon ranje twa kare.



Ki kantite kidan Rachel ap bezwen pou li fè yon ranje sis kare?

- A** 22
- B** 19
- C** 16
- D** 13


24

Jane ap fè ti bonbon chokola pou li vann nan lekòl li. Li bezwen yon sache ti moso chokola pou li fè 2 douzèn ti bonbon. Yon sache ti moso chokola koute \$2.89. Jane prevwa fè 8 douzèn ti bonbon. Kilès nan operasyon ki anba yo ki egal kantite kòb sa pral koute pou li achte ti moso chokola pou li fè ti bonbon yo?

- F** $24 \times 8 \times \$2.89$
- G** $(24 \div 8) \times \$2.89$
- H** $8 \times 2 \times \$2.89$
- J** $(8 \div 2) \times \$2.89$

25

Melissa ap fè yon desen jeometrik ak de rektang sanblab. Youn nan rektang li yo genyen 2 pous nan lajè ak 6 pous nan longè. Li ta vle yon lòt rektang ki genyen 3 pous nan lajè. Ki longè dezyèm rektang lan dwe genyen?




- A** 3 pous
- B** 6 pous
- C** 9 pous
- D** 12 pous


Kontinye

26


Klas matematik David la tap travay sou ang. Yon jou pandan kou a, li gade yon revèy e li remake de zegwi yo fè yon ang 150° . Kilès nan revèy yo ki fè ang sa a?




F



H







G



J

27

Kilès nan dwat nimerik yo ki se solisyon inegalite sa a $-6 < x < 4$?



RETE LA

CTB/McGraw-Hill

A Division of The McGraw-Hill Companies



Liv 1

Matematik

Nivo 8

7 me ak 8 me 2002
